


LWA SOU REYISIT CHAK ELÈV (ESSA): KONDISYON AK OPÒTINITE POU DELAWARE

KONDISYON Federal KI RETE MENM JAN ANBA ESSA

Anba ESSA gen kèk obligasyon federal ki pa chanje. ESSA toujou mande:

1. Nòm eta ki kadre avèk kolèj ansanm avèk preparasyon pou konpetans karyè.
2. Yon sistèm **responsabilite** inik nan tout eta ki mezire pèfòmans tout etidyan ansanm avèk sou-gwoup etidyan yo.
3. **Evalyasyon** lekti ak matematik anyèl pou klas 3-8^{yèm} ane ak evalyasyon anyèl lekòl segondè ak syans nan klas 5,8^{yèm} ane.
4. 95% nan etidyan ak 95% nan chak sou-gwoup yo ap patisipe nan **tès** la.
5. Rapò anyèl sou **pèfòmans lekòl**.
6. **Sipò** distri ak eta pou lekòl ki pa gen bon pèfòmans yo.



KÈK NAN OPÒTINITE ANBA ESSA

SIKSÈ

Mezire Sikse Lekòl se osijè plis pase rezilta tès eta. Strikti sikse Lekòl Delaware, oswa DSSF, aktyèlman itilize plizyè mezi pou detèmine sikse lekòl la, men nou gen yon opòtinite pou amelyore epi elaji mezi sa yo anba ESSA. Nouvo lwa toujou egzije yon sistèm responsabilite inik nan tout eta ki diferansye epi mezire chak ane, men gen nouvo konpozan obligatwa nan sistèm sa.

AMELYORASYON LEKÒL

Amelyorasyon Lekòl - ESSA toujou egzije eta yo pou idantifye lekòl yo pou amelyorasyon ak pou apwouve plan amelyorasyon lekòl ki devlope lokalman ki itilize strateji ki baze sou evidans. ESSA toujou kontinye egzije ke distri ak lekòl yo devlope plan sa yo an kolaborasyon avèk paran ansanm avèk anplwaye lekòl yo. Toutfw, ESSA elimine manda federal sou lekòl ki gen pi ba nivo pèfòmans yo **dwe** fè. Okontrè yo rann distri yo responsab pou devlope ak enpleman plan ki pral bay rezilta atan ansanm avèk amelyorasyon dirab.

LEKÒL FON


Finansman anba ESSA toujou mete restriksyon sou kijan yo ka itilize diferan Tit finansman; toutfw, ESSA klarifye itilizasyon kèk finansman. Pa egzanzp, sa finansman Tit I kapab ye— ak sa yo ankouraje pou yo fè— itilize pou sipòte pwogram edikasyon bonè ak tranzisyon nan lekòl elemantè yo epi tou yo ka itilize l pou sipòte pwogram dual enrollment ak reyalyasyon konpetans teknik nan nivo lekòl segondè.

Gen egalman yon nouvo sibvansyon anba Tit IV – Sibvansyon Anrichisman Akademik ak Sipò Etidyan. Nou pa gen anpil enfòmasyon sou sibvansyon sa, men nap pataje enfòmasyon an avèk ou lè nou jwenn plis detay bò kote Depatman Edikasyon Etazini.

LWA SOU REYISIT CHAK ELÈV (ESSA): KONDISYON AK OPÒTINITE POU DELAWARE

Delaware nan yon pozisyon stratejik ekselan pou aplike nouvo règleman kap vini pou ESSA. Gen anpil tèm enpòtan nan ESSA men plan eta pral santre prensipalman sou sijè sa yo:

- Sipòte Tout Elèv
- Sipòte Edikatè Ekselan pou Tout Elèv yo
- Avanse nòm ak Evalyasyon Akademik
- Mezire siksè lekòl ak Rapò Piblik
- Sipò Lekòl ak Amelyorasyon



SIPÓTE TOUT ELÈV YO

Plan ESSA Eta pral adrese sijè **Sipòte Tout Elèv yo**. Depatman Edikasyon Delaware (DDOE) bezwen dekri kijan alafwa li menm ak disktri ansanm avèk lekòl yo pral itilize finansman ESSA pou asire ke tout timoun yo resevwa yon bon jan kalite edikasyon, jis ak ekitab. Plan an dwe gen ladan strateji ak delè sou fason DDOE, distri ansanm avèk lekòl chatè yo pral sipòte

- Tranzisyon Elèv yo nan edikasyon pou timoun piti pou rive a lekòl primè a lekòl pre-segondè pou ale nan lekòl segondè a edikasyon siperyè ansanm avèk karyè
- Aksè ekitab a yon edikasyon ki byen balanse, nan sijè yo tankou Angle, lekti/literati, ekriti, syans, teknoloji, jeni, matematik, lang etranje, sivik ak gouvènman, ekonomi, istwa, jeyografi, syans òdinatè, mizik, karyè ak edikasyon teknik, edikasyon sante ak fizik, ansanm avèk nenpòt lòt sijè, kote elèv fi yo, elèv minorite, timoun kap aprann angle, timoun ki gen andikap, ansanm avèk elèv ki gen revni fèb e ki sou-reprezante
- Kondisyon lekòl pou elèv yo aprann, gen ladan aktivite pou redwi:
 - Ensidan entimidasyon ak asèlman;
 - Itilizasyon eksèsif nan pratik disiplin ki retire elèv la nan salklas la; ak
 - Itilizasyon entèvansyon konpòtman avèsif ki konpwomèt sante ak sekirite elèv la
- Itilizasyon efektivite teknoloji pou amelyore reyisit akademik ak literati dijital tout elèv yo
- Angajman Paran, fanmi, ak kominote
- Idantifikasyon egzat timoun kap aprann angle ansanm avèk timoun ki gen andikap yo

Anba ESSA gen plizyè nouvo domèn konsantrasyon pou eta, distri, ak lekòl yo pou sipòte tout elèv yo. Nap rete tann konsiltasyon moun ki enterese yo sou sijè sa, ki gen ladan pi bon strateji pou adrese chak domèn konsantrasyon.

LWA SOU REYISIT CHAK ELÈV (ESSA): KONDISYON AK OPÒTINITE POU DELAWARE

SIPÒTE EDIKATÈ EKSELAN POU TOUT ELÈV YO

Plan eta a pral adrese tou sijè **Sipòte Edikatè Ekselan pou tout Elèv yo**. Delaware te santre pandan lontan pou redwi eka sou ekite edikatè yo, nou menm antanke yon eta, kwè ke nou pral sèlman fèmen eka reyisit la pou elèv nou yo ki gen pi gwo bezwen si tout elèv yo gen aksè ekkitab a edikatè ki pi byen prepare ki pi konpetan yo.

Depatman Edikasyon Etazini te aksepte Plan Delaware ki pi resan sou ekite nan Septanm 2015. Depatman an te gen konsiltasyon avèk apeprè 300 moun; sa ki gen ladan paran, lidè sou dwa sivik ansanm avèk lòt, pandan apeprè 20 reyinyon pou ede devlope plan an. Plan Edikatè Ekselan pou tout, adrese rekritman, epi devlope edikatè ekselan pou tout elèv Delaware.

Delaware ap travay tou pou amelyore opòtinite ansèyman pwofesyonèl ak pou devlope chemen nan karyè byen bonè nan edikasyon pou elèv segondè nou yo ki vle pouswiv edikasyon kòm yon karyè. Bòn nouvèl la sèke anpil edikatè Delaware ansanm avèk lidè lokal yo deja ap montre sa ki posib pou *tout* elèv yo nan redouble efò pou asire ke “edikatè ekselan pou tout” se yon reyalyite nan tout eta.

AVANSE NÒM AK EVALYASYON AKADEMIK

Delaware byen pozisyone pou reponn a egzijans plan eta pou **Avanse nòm ak Evalyasyon Akademik**.

Standa Delaware pou Angle/Literati angle, matematik, syans ak etid sosyal reponn a egzijans ESSA. Evalyasyon eta nou an pou lekòl primè, pre-segondè ak segondè Angle/Lang Literè ak matematik reponn a kondisyon ESSA egalman e nou deja nan pwosesis pou remanye evalyasyon yo pou aliye avèk standa ki te adopte pa twò lontan de sa nan syans ak etid sosyal.

Delaware genyen tou lòt standa reyisit eskolè ak evalyasyon pou etidyan yo ki gen kapasite mantal enpòtan ak estanda nan tout eta ak yon evalyasyon nan konpetans Lang Angle.

MEZIRE SIKSÈ LEKÒL AK RAPÒ PIBLIK

Yon lòt sijè plan eta se Responsabilite ak Kanè Rapò – sa nou refere tankou **Mezire Siksè Lekòl ak Rapò Piblik**. Jan nou te eksplike l anvan, Delaware byen pozisyone nan domèn sa a, men gen opòtinite pou amelyore sistèm aktyèl nou an.

Plis pase 6,500 paran, edikatè, manm kominote ansanm avèk elèv te reponn nan yon sondaj volontè sou entènèt ke Depatman Edikasyon Delaware kòm DSSF te kreye.

Mezi aktyèl dssf	Mezi obligatwa anba essa
Konpetans eleèv la nan Angle / Literati Angle, matematik, Syans, etid sosyal yo.	Konpetans eleèv la nan Angle / Literati Angle, matematik, y Syans.
Kwasans Elèv la nan Angle / Literati Angle, matematik (lekòl prime ak pre-segondè)	Mezire kwasans elèv oswa lòt endikatè akademik
Sou bon chemen pou diplome nan 9 ^{yèm} ane (lekòl segondè sèlman)	
	Kwasans elèv kap aprann Angle pou rive a konpetans nan lang
Pousantaj gradyasyon 4, 5 ak 6 ane (lekòl segondè sèlman)	Pousantaj gradyasyon Lekòl Segondè (yo)
Pousantaj prezans (lekòl prime ak pre-segondè sèlman)	Mezire kalite lekòl oswa siksè elèv
Kolèj ak preparasyon karyè (lekòl segondè sèlman)	

LWA SOU REYISIT CHAK ELÈV (ESSA): KONDISYON AK OPÒTINITE POU DELAWARE

Kòm nap devlope plan eta nou an daprè ESSA, nou pral angaje entèvenan yo ankò pou detèmine si ta dwe gen chanjman nan metrik aktyèl la epi pou diskite opsyon pou nouvo mezi ke nou bezwen ajoute, sètadi Kwasans Elèv kap Aprann Angle a Konpetans ak mezi kalite lekòl oswa siksè elèv.

Apati ane lekòl 2015-16, Plan Siksè Lekòl Delaware yo te ranplase Pwogrè Anyèl Adegwat oswa AYP, pou tout responsabilite eta ak federal.

Kòm nap tounen nan direksyon ESSA, nou pral angaje entèvenan yo sou konpozan aktyèl DSSF epi detèmine si ta gen chanjman oswa ajou nan metrik aktyèl yo.

AMELYORASYON AK SIPÒ LEKÒL

Yon plan sijè ki gen rapò se **Amelyorasyon ak Sipò Lekòl**. Depi lekòl la resewa evalyasyon nan DSSF, eta yo dwe idantifye lekòl yo pou sipò ak amelyorasyon. E jan nou te diskite anvan, anpil nan kondisyon federal yo sou lekòl ke yo te idantifye yo te chanje.

Gen de kategori kote eta bezwen idantifye lekòl yo. Premye a se vize sipò ak amelyorasyon. Sa yo se lekòl kote youn oswa plizyè sou-gwoup elèv “toujou pa gen pèfòmans.” Eta yo gen obligasyon pou enfòmè LEA yo osijè lekòl sa yo chak ane e LEA yo dwe devlope yon plan pou amelyore pèfòmans sou-gwoup elèv la.

Dezyèm kategori a se sipò konpreyansif ak amelyorasyon – sa yo se senk pousan (5%) lekòl yo ki gen pi ba nivo pèfòmans, lekòl segondè ki pa diplome plis pase yon tyè nan elèv yo, ansanm avèk lekòl ki pat montre pwogrè daprè sipò ak amelyorasyon ki vize omwen yon fwa chak twazan e eta dwe apwouve plan LEA pou amelyorasyon.

ESSA egzije eta yo tou pou sipòte amelyorasyon nan tout lekòl Tit I yo, kèlkeswa jan yo gen siksè.

Teni kont de chanjman nan règleman yo osijè sipò lekòl yo ak amelyorasyon, tout eta yo pral bezwen fè chanjman nan sistèm yo pou idantifye epi sipòte lekòl ki pa gen bon pèfòmans yo. Nap rete tann pou nou konsilte moun ki gen enterè yo sou sijè sa, enkli zòn kote eta ka bay sipò pou lekòl nou yo.

ANGAJMAN KOMINOTÈ AK PWOCHEN ETAP YO

Angaje entèvenan nou yo pandan devlopman DSSF e plan ekite a te kite nou byen pozisyne pou reponn a kondisyon ESSA, men gen plis travay ki pou fèt. Nou pral **re-angaje avèk entèvenan yo** epi itilize kòmantè adisyonèl pou enfòmè plan devlopman eta ESSA nou an ak pou tcheke pwogrè nou pandan nap enpleman plan sa.




Konsiltasyon entèvenan yo pral fèt nan plizyè fason:

Premyèman, nou nan pwosesis pou pwograme lè pandan reyinyon gwoup ki egziste deja. Nap òganize **reyinyon konsiltasyon avèk entèvenan sa yo**.

LWA SOU REYISIT CHAK ELÈV (ESSA): KONDISYON AK OPÒTINITE POU DELAWARE

- Dezyèmman, depatman an te pwograme **konvèsasyon kominotè** nan eta. Reyinyon sa yo pral ouvè pou piblik la.
- Twazyèmman, Gouvènè a atravè Dekrè Egzekitif 62 te kreye yon **Komite Konsiltatif ESSA**. Komite sa ap pote ansanm yon varyete lidè edikasyon ak defansè ki gen obligasyon pou yo fè pati nan pwosesis konsiltasyon an e yo pral bay kòmantè nan plan eta.
- Katriyèmman, depatman an pral angaje reprezantan ki nan gwoup moun ki gen enterè yo nan **gwoup diskisyon ESSA**. Gwoup entèvenan yo pral nome patisipan yo nan gwoup diskisyon aktyalite yo ki gen rapò a mezire siksè lekòl ansanm avèk rapò. Dezyèm gwoup la pral santre diskisyon yo sou dispozisyon pou elèv ansanm avèk sipò lekòl. Gwoup diskisyon yo pral bay gwoup Konsiltatif la enfòmasyon ki te kreye pa Dekrè Egzekitif sa a.
- Finalman, depatman an te etabli yon [pajwèb ESSA](#) ak [kont imèl](#) ESSA plan eta kidonk nou ka pataje enfòmasyon epi kolekte kòmantè. Sondaj yo pral disponib tou sou pajwèb ESSA nan



2

Nou egalman gen delè pou devlopman plan, apre konvèsasyon ak konsiltasyon yo, nou pral fè rezime kòmantè ak sijesyon yo nan premye kopi Plan Eta Delaware nan fen mwa Oktòb. Nou pral pataje premye kopi plan an epi kontinye mande sijesyon sou kopi plan pou nou ka pwodui dezyèm kopi a, ke nou planifye pou fini nan fen mwa Desanm. Objektif nou se pou soumèt plan final la nan mwa Mas, sa ki pral pèmèt nou gen yon plan apwouve anvan kòmansman ane lekòl 2017-18 la.

Pou pataje kesyon ak kòmantè w sou Lwa Reyisit Chak Elèv la, tanpri imèl: ESSAStatePlan@doe.k12.de.us.